**References**

1. Bourke M.J.(2008). A rough guide to language awareness. *English Teaching Forum, 1,*12-21.
2. Carter, R (2003). Language awareness. ELT Journal, 51(1) 64-65.
3. Hawkins E.W.(1999). Foreign language study and language awareness. Language Awareness.8(3&4), 124-142.
4. Savage K.L., Bitterlin G., & Price, D. (2010). *Grammar* [26]*matters: Teaching grammar in adult ESL programs*. New York, NY: Cambridge University Press.
5. Schmidt R. (1993). Awareness and second language acquisition. Annual review of Applied Linguistics, 13,206-226
6. *Thornbury S. 2004. How to Teach Grammar. Essex: Pearson Education*
7. Wright,T.& Bolitho, R. (1993). Language awareness: a missing link in language teacher education? ELT Journal, 47(4), 292-304.



**REZYUME**. Maqolada til o‘rganish jarayonida tilni rivojlantiruvchi mashqlarning til xabardorligini rivojlantirish vazifalarini aniqlash masalalari tahlil etilgan, bu mashqlarning tilni tushinishga, o‘rganishga va qo‘llay bilishga foydali ekanligi asoslangan. Asosiy e’tibor o‘rganuvchilarning til xabardorligini rivojlantirishda grammatika mashqlari elementlarining ahamiyatiga qaratilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В работе предпринята попытка определить роль развивающих упражнений при обучении языкам в развитии учащихся языкового сознания, обоснована полезность этих упражнений в обучении, понимании и употреблении языка. Основное внимание уделяется элементам грамматических упражнений, которые имеет важность для повышения языковой осведомленности учащихся.

**SUMMARY**. The article deals with the attempt to identify the role of activities in teaching languages in developing language awareness, the efficiencies of these exercises in teaching the language. The main focus is given on the elements of grammar activities which are significant in raising learners’ language awareness.


## SPORT SHÍNÍǴÍWLARÍNÍŃ TÁSIRIN ANÍQLAYTUǴÍN JAǴDAYLAR


**A.K.Bekmurzaev –** *docent w.w.a.*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** sport, jismoniy tarbiya, mashq, texnika, sistema, gigiena.

**Ключевые слова:** спорт, физическая культура, упражнение, техника, система, гигиена.

**Key words:** sports, physical culture, exercise, technique, system, hygiene.


Hámmemizge belgili, bir shınıǵıw paydalanıwımızǵa baylanıslı hár qıylı unamlı nátiyje beriwi múmkin. Al, ayırım jaǵdaylarda hár qıylı shınıǵıwlar bir qıylı tásir jasawı múmkin. Demek, shınıǵıwlar birgelikli nátiyje beretuǵın qásiyetke iye emes. Sonlıqtan dene hám sport shınıǵıwlarınıń tásir etiw jaǵdayların tolıq biliw, pedagogikalıq jumıstı nátiyjeli basqarıwǵa múmkinshilik beredi. Sport hám dene shınıǵıwlarınıń hár tárepleme tásir etiwi tómendegi jaǵdaylarǵa baylanıslı.

1. Oqıtıwshı hám oqıwshınıń aktiv qatnasta sport hám dene shınıǵıwlarınıń paydalılıǵın arttırıwǵa tásirin tiygizedi. Bul úyretiw jumısı eki táreptiń qatnasına baylanıslı; oqıtıwshı úyretiwdi, oqıwshı úyreniwdi. Sonlıqtan da úyretetuǵın hám úyrenetuǵın tárepler aktiv, sapalı qatnasıwı tiyis. Sebebi; hár qanday sport shınıǵıwın úyreniw oqıwshınıń qızıǵıwshılıǵına hám oqıtıwshınıń qızıǵıwshılıǵına hám oqıtıwshınıń sawatlılıǵına, tınbay úyretiwine baylanıslı.

2. Sport hám dene shınıǵıwlarınıń nızamlıqların ilimiy jaqtan biliwine baylanıslı. Qanshelli sport shınıǵıwlardıń dúzilisi fizikalıq nızımlıqlarǵa baylanıslı qollanatuǵın bolsa pedagogikalıq wazıypanı sonshelli paydalı sheshiw múmkin.

3. Sport hám dene shınıǵıwların paydalanıw ushın metodikalıq jaǵdayın durıs paydalanıwı, sport shınıǵıwlarınıń paydalı tásir etiwi ushın onıń mólsherin retlestiriw metodları úlken áhmiyetke iye.

a) Shınıǵıwdıń orınlanıwınıń dawam etiw waqtı;

b) Onıń intensivligi (tezligi, qaytalanıwı t.b.);

v) Shınıǵıwdı qaytalaw sanı yamasa dem alıwdıń qaytalanıwı;

g) Shınıǵıwlardıń qaytalanıw waqtındaǵı, aralıǵındaǵı dem alıw waqtınıń muǵdarı (dawam etiwi).

4. Shınıǵıwlardı orınlawdıń gigienalıq-sanitariyalıq jaǵdayı. Shınıǵıwlardıń unamlı tásir etiwi jumıstıń retine, dem alıwǵa, awqatlanıw tártibine hám sabaq ótiw orınlarınıń gigienalıq jaǵdayına baylanıslı.

5. Metrologiyalıq jaǵday. Shınıǵıw jumısların ótiwde waqıttıń hawa ıssılıǵı (suwıqlıǵı) retlestiriliwi belgili orın tutadı. Usılardıń adam denesine tásir etiw nızamların bilip alıp barılsa shınıǵıw unamlı tásir jasaydı.

6. Shınıǵıwlardı ótetuǵın orınlardıń materiallıq támiyinleniw jaǵdayı. Mıs; Sport sarayı, kerekli úskeneler (snaryadlar) kiyim menen támiyinleniwi t.b.

Sport hám dene shınıǵıwlarınıń texnikası degen túsinikti pedagogikalıq hám biomexanikalıq kóz-qaraslardan túsindiriw múmkin. Biraq ekewi de sol qubılıstıń birdey tárepin túsindiredi. Pedagogikalıq kóz-qarastan shınıǵıwlardıń texnikası degenimiz shınıǵıwdı, háreketti paydalı etip orınlaw usılı. Bul shınıǵıwlardıń organizmge hár tárepleme tásir jasawı (mıs; bir topar bulshıq etlerdi rawajlandırıwda shınıǵıwdıń nátiyjesiniń texnikası menen orınlanıwına zárúrli ekenin anıqlaw ushın oqıwshınıń dene tayarlıǵınıń dárejesin biliw kerek). Bir qıylı háreketlerdi hár qıylı usıl menen orınlaw múmkin, solardıń ishinde eń nátiyjelisi sol shınıǵıwdıń texnikası dep ataladı. Shınıǵıwlardı orınlawdıń usıllarınıń ishinen paydalısı tańlap alınıwı múmkin.

a) Oqıwshınıń jeke ózgesheligine qarap (mıs; Bir oqıwshıǵa uzınlıqqa sekiriwdiń «Qayshı» usılı sáykes keliwi múmkin).

b) Dene tayarlıǵınıń dárejesine qarap.

v) Sheshiletuǵın wazıypaǵa sáykes t.b.

Shınıǵıw texnikası bárhama rawajlanıp baradı. Ádette jańadan texnika jetilistiriledi, góneniń ornına jańası payda boladı. Bul hár qıylı sebeplerge baylanıslı:

-sport tayarlıǵına qoyılatuǵın talaplardıń ósiwi;

-shınıǵıwdı orınlawdıń eń paydalı usılların izlestiriw;

-ilim izertlew jumıslarınıń jetiskenliklerin paydalanıw;

-úyretiw metodikasınıń jetilistiriliwi;

-jańa sport úskeneleriniń payda bolıwı t.b.

Dene shınıǵıwı texnikası - izleniwdiń hám ilimiy tallawdıń nátiyjesi, sol waqıttaǵı jetekshi sportshılardıń orınlaw usılı t.b. Hár waqıtlarda hámme orınlawshıǵa teńdey paydalı texnika tańlap alınadı, sonlıqtan standart texnika delinedi. Bıraq sportshınıń jeke ózgesheligi esapqa alınadı. Jeke texnika eki baǵdarda iske asırılıwı múmkin;

1. Standart texnika, dene tayarlıǵına sáykes ózgeris kirgiziliwi múmkin.

2. Jeke adam óziniń dene tayarlıǵına sáykes, ózinshe bir usıl menen orınlanıwı múmkin (mıs; sporttıń stili).

3. Standart texnikanıń elementleri oqıwshınıń ózgesheligine biyimlesiwi tiyis;

4. Oqıwshı texnikanıń talabına baylanıslı óziniń funkcionallıq múmkinshiligin ózgertiw tiyis.

Texnikalıq bólimler; Shınıǵıwdıń dúzilisin quraytuǵın háreket qozǵalısları hár qıylı, sonıń ushın da texnika bólimi ekige ajıratıladı; texnika tiykarı hám bólekleri.

Sport shınıǵıwı texnikasınıń tiykarın basqa háreket qozǵalıslardan ózgesheligin anıqlaytuǵın qozǵalıslar quraydı. Usı qozǵalıslardıń birewi orınlanbasa shınıǵıwdıń qáte orınlanıwına alıp keledi. mıs; Uzınlıqqa sekiriw waqtında «joqarıda baratırǵanda» (ushıw fazası), ayaqlardıń

hám gewdeniń qozǵalısınıń jaǵdayı uzınlıqqa sekiriwdiń texnikasın anıqlaydı.

Texnikanıń tiykarına shınıǵıwdıń nátiyjeliligine baylanıslı jetekshi háreketler kiredi. mıs; tayanıp sekiriw waqtında qol menen iyterip pát alıw (ottalkivanie).

Texnika bólekleri. Buǵan orınlanatuǵın shınıǵıwǵa júdá zárúrli emes háreketler kiredi (Mısalı; Uzınlıqqa sekiriw ushın pát alıp juwırıw hár qıylı usıl menen orınlanıwı múmkin). Usınday ózinshe paydalanıw jeke texnikanıń tiykarın quraydı.

Sport shınıǵıwların pedagogikalıq jaqtan klassifikaciya-law - bul ayırım belgilerine qarap bir-birine baylanıslı toparlarǵa ajıratıladı. Bunday etip toparlarǵa bóliw muǵallimge bir wazıypanı sheshiw ushın sáykes keletuǵın sport hám dene shınıǵıwların tańlap alıwǵa járdemin tiygizedi. Sport shınıǵıwların klassifikaciyalaǵanda pedagogikalıq wazıypanı sheshiwge qatnasatuǵın belgileri esapqa alınadı. Házirgi waqıtta shınıǵıwlardıń bir qansha klassifikaciyası bar.

1. Dene tárbiya sistemasınıń tariyxıy qáliplesiwine baylanıslı belgilerine qarap klassifikaciyalaw (gimnastika, oyın, turizm, sport).

2. Dene shınıǵıwları bulshıq et iskerliginiń ózgesheligine yamasa háreket sapasına talap etetuǵın, deneniń háreket sapasına tásir jasaytuǵın belgilerine qarap klassifikaciyalanıwı, tezlik-kúshti talap etetuǵın dene shınıǵıwları, yaǵnıy shuǵıllanıwshıdan qısqa waqıt ishinde eń joqarı kúsh jumsawdı talap etedi. (mıs; Qısqa aralıqqa juwırıw, ılaqtırıw t.b.) shıdamlılıqtı talap etetuǵın dene shınıǵıwları, yaǵnıy uzaq waqıt jumıs islewdi talap etedi. (Mıs; Orta hám uzaq aralıqqa juwırıw t.b.) hárekettiń koordinaciyasın talap etetuǵın dene shınıǵıwları (Mıs; Gimnastika shınıǵıwları, suwǵa sekiriw t.b.) hár qıylı háreket sapasın talap etetuǵın dene shınıǵıwları. Demek, ózgermeli jaǵdayǵa baylanıslı háreket sapasın ózgertip qozǵalıs jasaw. (Mıs; Sport oyınları, gúres, boks t.b.).

3. Bilim beriw wazıypasın sheshiw ushın áhmiyeti bar belgilerine qarap dene hám sport shınıǵıwların klassifikaciyalaw; tiykarǵı yamasa jarıs shınıǵıwları. Demek arnawlı úyreniwdi talap etetuǵın hám jarıs ótkeriwge bolatuǵın shınıǵıwlar, bular arqalı oqıw baǵdarlamasına sáykes bilim beriledi (Mıs; Sport oyınları, gimnastikalıq shınıǵıwlar t.b.) járdemshi dene shınıǵıwları - tiykarǵı sport shınıǵıwların úyreniwde kómek beretuǵın qosımsha paydalanatuǵın shınıǵıwlar. (Mıs; Suwda júziw ushın talap etetuǵın tiykarǵı háreketlerdiń ayırmaların turǵan jerde uqsatıp orınlap úyreniw) tayarlıq dene shınıǵıwları-tiykarǵı dene shınıǵıwların úyreniw ushın paydalanılatuǵın qosımsha shınıǵıwlar (Mıs; kanatqa órmelew ushın aldın-ala tartılıp úyreniw t.b. Bunday etip klassifikaciyalaw jetekshi wazıypanı sheshiw ushın, shınıǵıwlardı tańlap alıp úyretiw waqtında qosımsha paydalanıwǵa múmkinshilik beredi.

4. Ayırım topar bulshıq etlerdi rawajlandırıwǵa biyimlesken belgilerine qarap sport shınıǵıwların klassifikaciyalaw; qol hám iyin bulshıq etlerin, gewde hám moyın, ayaq hám kóz. Bul klassifikaciyada shınıǵıwlardı zat penen hám zatsız orınlaw jaǵdayı qaraladı. Hár múyesh bulshıq etlerin rawajlandıratuǵın qásiyetlerine qarap shınıǵıwlar tańlap alınadı.

Solay etip klassifikaciyalaw háreket sapasın rawajlandırıw ushın kerekli shınıǵıwlardı tańlap alıwǵa járdemin tiygizedi.

Ulıwma alǵanda joqarıda kórsetilgen metodikalıq kórsetpeler ilajlar dene tárbiya sabaǵın házirgi talapqa muwapıq sapalı ótiwge járdemin tiygizedi.

**Ádebiyatlar**


1. Salomov R.S. “Sport mashg‘ulotlarining nazariy asoslari”. -Toshkent: 2007. O‘quv qo‘llanma.

2. Abdullaev A., Xonkeldiev Sh.X. “Jismmoniy tarbiya nazariyasi va uslubiyati”, Oliy o‘quv yurtlari uchun darslik. O‘zDJTI nashriyat manbaa bo‘limi 2005.

3. Матвеев Л.П. “Теория и методика физической кулътуры” учебник для институтов физической кулътуры. –М: Физкультура и спорт 1991.

4. Юнусова Ю.М. «Теория и методика физической культуры» учебное пособие для студентов высших учебных заведений. - Т.: «Iqtisod moliya». 2007.

5. Maxkamdjonov K.M. Jismoniy madaniyat nazariyasi asoslari. –Toshkent: “Istisod moliya” 2008. 300-b.

6. Mahkamjanov K., Salomov R., Rasulov T. «Jismoniy tarbiya nazariyasi va metodikasi», Toshkent 2001yil.

7.Salomov R.S Sport mashǵulotiniń nazariy asoslari Toshkent. Wz DJTI. 2005 iyl 238-b.



**REZYUME.** Bul maqalada sport hám dene shınıǵıwlarınıń organizmge hár tárepleme tásir etiwi jaǵdayları, shınıǵıwlardıń texnikası, sport hám dene shınıǵıwların pedagogikalıq jaqtan klassifikaciyalaw haqqında bayan etilgen.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассказывается о разностороннем влиянии спортивных и физических упражнений на организм, техники упражнений, а также о педагогической классификации спортивных и физических упражнений.

**SUMMARY.** This article talks about the diverse effects of sports and physical exercises on the body, exercise techniques, as well as the pedagogical classification of sports and physical exercises.


## BOSHLANG‘ICH SINF O‘QUVCHILARINING KREATIVLIGINI RIVOJLANTIRISHDA XALQ OG‘ZAKI IJODINING AHAMIYATI


**B.M.Dauletmuratova –** *tayanch doktorant*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** kreativ fikrlash, xalq og‘zaki ijodi, musiqiy folklor, nostandart fikrlash, xalq qo‘shiqlari.

**Ключевые слова:** творческое мышление, фольклор, музыкальный фольклор, нестандартное мышление, народные песни.

**Key words:** creative thinking, folklore, musical folklore, non-standard thinking, folk songs.


**Kirish.** Boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining kreativ qobiliyatini shakllantirish va rivojlantirish zamonaviy pedagogikaning dolzarb muammolaridan biri bo‘lib hisoblanadi. Zero, aynan shu yoshda bolalarda mulohaza yuritish, fikrlash, muammoli vaziyatlarni bartaraf qilishga ijodiy yondashish qobiliyati shakllanadi. Bu borada yurtimizning xalq ta’lim tizimida bir qancha islohatlar amalga oshirilmoqda. Jumladan, maktab o‘quvchilarining ijodiy qobiliyatlarini rivojlantirish maqsadida quyidagi vazifalar amalga oshirilmoqda: axborot-kommunikatsiya texnologiyalari rivojlanishining zamonaviy tendensiyalarini hisobga olgan holda ta’lim jarayonida kompyuterlashtirish darajasini ko‘tarish, axborot-kommunikatsiya texnologiyalarini qo‘llagan holda yangi avlod darsliklarini tayyorlash va chop etish, ta’limda multimedia mahsulotlarini ishlab chiqish, o‘quvchilarning ijodiy qobiliyatlarini rivojlantirish maqsadida “Barkamol avlod” bolalar markazlarida to‘garaklarni tashkil qilish, STEAM fanlarni va tanqidiy fikrlash, axborotni mustaqil izlash va tahlil qilish kompetensiyalari va malakalarining rivojlanishiga urg‘u berishni hisobga olgan holda, zamonaviy innovatsion iqtisodiyot talablariga javob beradigan umumta’lim dasturlari va yangi davlat ta’lim standartlarini joriy etish [1].

Shu bilan bir qatorda, biz boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining kreativ fikrlash qobiliyatlarini xalq og‘zaki ijodi namunalaridan biri musiqiy folklor asosida rivojlantirishni samarali deb hisoblaymiz. Boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining nutqi va tafakkuri shakllanib borayotgan ilk davrlardan boshlab musiqiy folklor vositalariga